

Konsèy sou Jistis Anviwònmantal (EJC)

Rankont #7

Madi 13 Desamm 2022

6:00 p.m.

Pwosè Vèbal Rankont lan

Lye rankont lan: Webinè sou Zoom

Dokiman rankont yo: [Ajennda](#), [dyaporama](#), [pwosès vèbal rankont lan](#)

Manm konsèy ki prezan yo:

- Marcos Luna
- Cheryll Holley
- Peter Maathey
- Ari Zorn
- Caroline Hon
- Melissa Ferretti
- Lydia Lowe
- Patricia Spence
- Madeline Fraser Cook

Pèsonèl Biwo Egzekitif Zafè Anviwònmantal ak Enèji (EEA) ki prezan:

- Rishi Reddi
- Vallery Cardoso
- Carline Lemoine

Rankont lan te kòmanse a 6:00 p.m.

**Byenvini ak Apèsi Lojistik Rankont lan**

Rishi te akeyi panelis ak patisipan yo. Li te bay yon apèsi sou lojistik rankont lan, ki gen ladan itilizasyon bwat kazye kesyon ak repons lan (Q&A) ak disponiblite entèprèt yo. Epitou Rishi te mande manm konsèy yo pou mete non yo nan tchat la.

**Apèl/Apwobasyon Pwosès Vèbal Rankont Anvan an**

Rishi te rele non manm EJC ki prezan yo. Nan kòmansman rankont lan, manm konsèy sa yo te prezan:

Marcos Luna, Cheryll Holley, Peter Maathey, Ari Zorn, Caroline Hon, Melissa Ferretti, Lydia Lowe, Patricia Spence, ak Madeline Fraser Cook.

Rishi te mande fidbak oswa amannman nan pwosè vèbal 21 Novanm 2022 a. Yo pa te pwopoze okenn fidbak oswa amannman.

Rishi te louvri deba a pou yon mosyon pou adope pwosè vèbal la. Lydia Lowe te pwopoze pou adopte l. Melissa Ferretti te apiye mosyon an. Rishi te fè yon vòt ak apèl. Tout manm konsèy ki prezan yo te aksepte pwosè vèbal la.

**Anons**

Rishi te anonse ke pwochen premye rankont EJC ibrid la se pral nan dat 25 Janvyé 2023. Rishi te mande manm konsèy yo pou voye sijesyon yo pa imèl konsènan kikote rankont lan ta dwe fèt.

Rishi te anonse premye sesyon ekout publik pou estrateji EJ a pral fèt apati 6:00 p.m. rive 8:00 p.m. nan Springfield, epi plis detay disponib sou sit entènèt EEA a.

## Pwojè Estrateji EEA EJ: Kòmantè Piblik

Kesyon ak kòmantè piblik la te fòmilè vèbalman epi atravè kazyé Q&A sou Zoom. Sa ki swiv la se kòmantè rezime ke piblik la te bay:

**Catherine Rodriguez:** Mwen enterese nan fason pou angaje responsab eta yo ak responsab minisipal yo pou travay ak kominote EJ yo.

**Noemy Rodriguez:** Pou bay kèk enfòmasyon debaz sou enjistis nan East Boston, kominote a pa te konnen ki danje ki te asosye ak yon sou-estasyon elektrik akoz enjistis lengistik.

**David Dow:** Èske ou ka bay klarifikasyon sou fason Konsèy EJ Massachusetts la defini kominote EJ yo parapò ak popilasyon EJ yo?

**Rishi Reddi:** "Popilasyon EJ" defini nan lwa yo te adope nan Mas 2021 an ke n ap travay avèk li a. "Kominote EJ," sepandan, pa yon tèm ki defini nan lwa a oswa nan politik EJ a. Nou itilize tèm nan an relasyon ak minisipalite ki genyen popilasyon Ej yo ladan yo a. Konsèy sa a ap travay pou defini popilasyon EJ yo.

**Lydia Lowe:** Li enpòtan pou ajans eta nou yo ak gwoup travay EJ a jwe yon wòl sansiblizasyon ak minisipalite yo pou fè moun yo koute epi fè yon enpak pou amelyore lavi kominotè yo.

**John Andrade:** Eta a bezwen entèvni nan enjistis anviwònmantal k ap fèt kounye a yo, menm ak Presidential Heights. Li enpòtan kòm yon pati nan estrateji a pou fè lwa eta ak lwa federal yo mache ansanm. Ajans ki sèvi kominote Ej yo t ap bezwen aplike lwa eta ak lwa federal yo epi angaje ak kominote Ej yo regilyèman pou kapab avanse pi devan.

**Vladimir Perez:** Dwe genyen yon pi bon fason pou rezidan yo rete an kontak ak ajans yo, sitou pou sa ki konsène jistis lengistik.

**Rob Zidek:** Èske inite lojman ki planifye yon fason abòdab selon Chapit 40b oswa 40r a konsidere kòm kominote EJ pa defo? Si wi, kijan nou vrèman enplike fiti vwazen EJ nou yo nan desizyon sa yo anvan yo vin viv isit la, tankou kontakte avoka? Kijan nou ka enkli pèspèktiv EJ yo nan Depatman Lojman ak Developman Kominotè a (DHCD)? Pa egzanp, lè yo pwopoze developman lojman ki pa chè akote aktyèl oswa zòn k ap devlope ki gen anpil sikilasyon yo oswa zòn ki devlope yon fason similtane yo, èskè nou ka fè Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts (Massachusetts Environmental Policy Act, MEPA) yo enplike nan kòmansman diskisyon sa yo?

**David Dow:** Dwe genyen pi bon kowòdinasyon ant divès aksyon angajman EJ yo.

**Pat Spence:** Kijan kominote EJ yo enplike toutbonvre? Aksyon jistis anviwònmantal yo dwe aksesib pou tout moun.

**Marcos Luna:** Rankont piblik yo se yon trè bon fason pou angaje ak kominote a. Ajans yo dwe aprann fason pou entegre kominote a olye yo kite kominote a ap aprann sou fason pou travay ak ajans lan.

**Madeline Ferretti:** Kijan nou ka asire ke yo rèspekte epi aplike bon lide nou te bay pandan rankont sa yo pou nou ka reyalize objektif politik sa a?

**David Dow:** Cape Cod Commission, vil Falmouth ak Mashpee, ak Climate Change Collaborative Faith Community Environmental Network angaje ak popilasyon EJ lokal yo sou kriz klima a.

**Ari Zorn:** Yon pwoblèm komen pami kominote Ej yo se konnen kilès pou kontakte pou bon jan angajman.

**Bonnie Bane:** Remèsiman pataje pou èd Konsèy EJ a.

## Diskisyon Konsèy EJ a sou Pwojè Estrateji EEA EJ: Developman Kòmantè Konsèy EJ yo

Rishi te pataje yon dokiman konpile sou kòmantè manm Konsèy EJ a, ki disponib sou paj entènèt rankont Konsèy EJ a, ki pral tradwi epi disponib pou piblik la sou sit entènèt la byento. Rishi te louvri rankont pou manm konsèy yo pou diskite sou kòmantè ki te soumèt yo. Rishi te sijere konsèy la pou diskite sou pwoblèm ki lye ak mezi yo. Kijan nou t ap ka swiv pwogrè EJ yo? Kikote nou dwe kòmanse? Li te sijere tou pou konsèy la diskite sou angajman kominotè.

**Ari Zorn:** Li enpòtan pou genyen dekèsman fon EJ yo yon fason ki ekitab epi ki jis bay kominote EJ yo.

**Marcos Luna:** Se yon bon lide epi li enteresan tou pou kòmanse finanse kominote yo pou yo patisipe. Nou ka fè sa pandan n ap bay sibvansyon asistans teknik ki sible oswa asistans pou ede yon kominote nan yon pwosesis otorizasyon.

**Lydia Lowe:** Èske ajans yo genyen pèsonèl ak kapasite pou jere sa? Fòmasyon pèsonèl la nan ajans eta Massachusetts yo enpòtan pou konprann estrateji EJ a. Ki bidjè ki asosye ak angajman kominotè a?

**Rishi Reddi:** Ki chanjman kiltirèl ke ajans yo kapab bezwen? Pa egzano, èske se yon ajans pou otorizasyon? Èske ajans lan pral enteraji ak kominote yo pou konnen ki bezwen otorizasyon yo genyen?

**Madeline Ferretti:** Pou ajans yo vrèman fè travay sa a, yon moun dwe dirije efò angajman kominotè yo. Dwe genyen yon planifikasyon entansyonèl nan ajans lan pou angajman kominotè a kapab vin travay yon moun. Li nesesè pou soutni sa ak finansman.

**Patricia Spence:** Mwen apiye kòmantè Madeline nan. Pafwa pi bon fason pou konekte se atravè angajman an pèsòn. Nou kapab pa rive jwenn kominote senyò yo atravè rezo sosyal oswa teknoloji, epi li enpòtan pou konekte ak yo, lè n ap konsidere enfòmasyon istorik kominote senyò yo genyen.

**Rishi Reddi** te louvri diskisyon pou kòmantè sou mezi yo (tankou, finansman, fòmasyon, done demografik, odyans pubblik).

**Marcos Luna:** Fason pou mezire rezulta pwojè ki ankou yo gen ladan alokasyon finansman, aksyon pou aplikasyon oswa desizyon ki lye ak chwa sit la, ak enfòmasyon jeneral.

**Rishi Reddi:** Pwen sa yo kalitatif epi konplèks.

**Marcos Luna:** Mwen panse ke pwojè yo ka kantifyab paske anpil nan yo enplike yon aksyon oswa yon desizyon ki ka dekri oswa lokalize.

**Cheryll Holley:** Eko Marcos. Kòmantè yo bèl anpil, men si pa genyen okenn chanjman, nan ka sa li p ap ede kominote sa yo ditou.

**Rishi Reddi:** Lè n ap pale sou aplikasyon ak rezulta, èske nou evalye fason rezulta yo repati sou yon kat? Ki kalite aksyon aplikasyon sa yo?

**Caroline Hon:** Kijan nou ka panse retounen defini ki rezulta pou reyalize ak pou asire ke se yon pwoesisis ekitab? Nou t ap panse ak planifikasyon, tradiksyon, ak mezi kat yo kòm mezi ki posib. Ki bagay prensipal n ap eseye reyalize epi kijan mezi yo lye?

**Rishi Reddi** te louvri diskisyon sou yon konparezon matris ajans lan epi te mande si kèk ajans fèb. **Rishi Reddi:** genyen twa ajans mwen panse ki dwe mobilize: Depatman Sante Biblik Massachusetts la (DPH), Depatman Lojmman ak Developman Kominotè (DHCD), ak Depatman Transpò a (DOT).

**Rishi Reddi:** Kijan nou te ka itilize matris sa a? Èske sa fè sans pou fè tout sa epi mande poukisa tout ajans yo pa ka reyalize sa?

**Ari Zorn:** Mwen dakò ak Rishi; sa pral kreye responsabilite.

**Rishi Reddi** ta renmen palesou kòmantè Madeline nan sou bezwen pou manm pèsonèl ak pou devlope yon plan pou reponn ak sèt paj kontni yo.

**Madeline Ferretti** te sijere pou Konsèy EJ a divize an sou-gwoup, men konsèy la dwe veyatif ak lwa sou rankont pubblik la.

**Rishi Reddi** te aksepte sijesyon pou divize I an sou-gwoup selon sijè yo. Pral genyen yon sesyon kòmantè pubblik nan dat 27 Janvye a. Konsèy EJ a pa te rive soumèt yon kòmantè fòmèl, men sou-komite yo pral egzamine kòmantè yo te bay yo ak plis detay pou konseye sekretè a sou manda legal li a.

**Lydia Lowe** te sijere pou divize I an ti gwoup ki pi pitit ki gen ti gwoup konsilitatif epi li te sijere pou soumèt kòmantè yo.

**Marcos Luna** te dakò pou soumèt kòmantè yo epi li te sijere pou konsèy la bay yon repons alè pou kòmantè yo.

**Rishi Reddi** te entèwoje manm Konsèy EJ yo. Tout manm yo te vote wi pou divize l an ti gwoup ki pi piti.  
**Rishi Reddi:** Konsèy EJ a pral divize an gwoup pa imèl.

#### Nou Te Resevwa Keson Yo Atravè Kazyé Q&A Zoom nan

#	Keson	Non Moun ki Poze l la	Repons	Non Moun ki Reponn
1	No escucho nada me pueden ayudar.	Vladimir Perez	Dejenos saber si todavía necesita	Martha (Entèprèt espanyòl)
1	No escucho nada me pueden ayudar.	Vladimir Perez	Ya se arregló, Vladimir? Ahora me escucha en la canal de	Martha (Entèprèt espanyòl)
2	Kijan Konsèy EJ Massachusetts la deside sou ki kominate EJ ak popilasyon EJ yo (ki afekte pa chanjman klimatik, polisyon nitriman, ekspozisyon nan pwodwi chimik toksik, ak dechè solid minisipal la) jere pa Biwo Egzektif pou Zafè Anviwònmental ak Enèji a?	David Dow	Te reponn an dirèk	EEA
3	Mwen te patisipe nan netwayaj Superfund/Safe Drinking Water Act la nan Joint Base Cape Cod pandan plis pase 25 lane. Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (EPA), Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la, Komisyon sou Jesyon Anviwònmental Massachusetts la, ak Konte Barnstable ak gouvènman vil yo, yo genyen pwòp politik sou angajman EJ yo ak rezidan lokal yo sou liy, epi y ap fè sa yo kapab pou byen jere efò sa a.	David Dow	Te reponn an dirèk	EEA
4	Dwe genyen pi bon kowòdinasyon ant divès aksyon angajman EJ sa yo.	David Dow	Mèsi pou kòmantè nou yo ak angajman regilye nou an Konsèy EJ nou an.	EEA
5	Cape Cod Commission la ak vil Falmouth ak Mashpee te abòde enkyetid EJ yo tou.	David Dow	Te reponn an dirèk	EEA

#	Kesyon	Non Moun ki Poze I	Repons	Non Moun ki Reponn
6	Cape Cod Climate Change Collaborative ak Faith Community Environmental Network angaje ak popilasyon EJ lokal yo sou kriz klimatik la.	David Dow	Te reponn an dirèk	EEA
7	Se pa yon kesyon men se yon repons pou sa Ari te pataje a—mwen te twouve pèsonèl òganizasyon sa a tèlman itil lè mwen te bezwen depoze yon lèt kòmantè nan Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts la pou pò ewolyen an nan Salem. Mèsi paske nou te rann tèt nou disponib. Mèsi ak Buddy Andrade paske li te dirije Alyans Salem pou Anviwònman an sou kikote pou ale. Se yon rezon chichotman kounye a.	Bonnie Bain	Bonjou Bonnie, anvan mwen li sa byen fò, ki òganizas yon ki te ede w depoze	EEA
8	Dezole tout moun! Mwen benyen ptit mwen an. Pèsonèl Rishi a mwen kwè	Bonnie Bain	Mèsi!	EEA
9	Bon travay TOUT MOUN, mèsi Bonnie.	John Andrade	Mèsi paske ou te	EEA
10	Patricia gen rezon.	John Andrade	Te reponn	EEA
11	Piblik la Sante!!!!!!!!!!!!!!	John Andrade	Te reponn	EEA

### Pwochen Etap yo epi Se Fini

Rankont lan te fini a 8:03 p.m.